QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING FARMOYISHI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ BIYLIGI

2023 - yil 18 - fevral 34-13-0-F/23 Qoraqalpogʻiston Respublikasi Vazirlar Kengashi

Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 73-статьясына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Ислер Басқармасының 2023-жыл 8-февраль күнги 10-10/2-02/13-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2023-жыл 10-февраль күнги СМ/12-02/429-санлы усыныс хатларын инабатқа алып:

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң Қаркалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 26-октябрьдеги 236-13-0-F/22-санлы бийлигинде Бирлескен миллетлер шөлкеминиң Инсан ҳуқықлары бойынша жоқары комиссары басқармасы Орайлық Азия регионаллық бөлимшеси баслығы Ришард Коменда басшылығында келген делегация ағзаларының қәрежетлери ҳәмде 2022-жыл 21-ноябрьдеги 284-13-0-F/22-санлы бийлиги менен Министрлер Кеңеси Архивинде турақлы сақлаў ушын ҳәм ҳүжжетлердиң көбейиўине байланыслы архив ханасына қосымша темир стеллажлар (есиклери жабылған тәризде) менен тәмийинлеў мақсетинде 6 (алты) дана модулли стеллажлар ушын жәми 41 100 000 (қырық бир миллион бир жүз мың) сом муғдарындағы қаржыны Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан нызамшылықта белгиленген тийкарларда ҳәм тәртипте ажыратыў ҳаққындағы усынислары мақуллансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Содиков) Бирлескен миллетлер шөлкеминиң Инсан ҳуқықлары бойынша жоқары комиссары басқармасы Орайлық Азия регионаллық бөлимшеси баслығы Ришард Коменда басшылығында келген делегация ағзаларының қәрежетлери ушын 7 500 000 (жети миллион бес жүз мың) сом ҳәмде Министрлер Кеңеси Архивинде турақлы сақлаў ушын ҳәм ҳүжжетлердиң көбейиўине байланыслы архив ханасына қосымша темир стеллажлар (есиклери жабылған тәризде) менен тәмийинлеў мақсетинде 6 (алты) дана модулли стеллажлар ушын 33 600 000 (отыз үш миллион алты жүз мың) сом улыўма жәми 41 100 000 (қырық бир миллион бир жүз мың) сом қаржыларды Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасына нызамшылықта

белгиленген тийкарларда ҳәм тәртипте ажыратыў шараларын көрсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы (А.Исмаилов) нызамшылықта белгиленген тийкарларда ҳәм тәртипте:

ажыратылған қаржының мақсетке муўапық жумсалыўын тәмийинлесин;

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 26-октябрьдеги 236-13-0-F/22-санлы ҳәм 2022-жыл 21-ноябрьдеги 284-13-0-F/22-санлы бийликлери https://xarid.uzex.uz/ сайтының техникалық себеплерге байланыслы үзилиске түсиўи ақыбетинде шәртнамалар қазнашылық бөлиминде автомат тәризде дизимнен өтпегенлиги ҳәм электрон счет фактуралар арқалы қаржылар жеткерип бериўшилердиң есап бетине түспей қалғанлығын инабатқа алып капланбай қалған қарыздарлықларды өткериў иләжларын көрсин.

4. Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Мәмлекетлик финанслық қадағалаў басқармасынан (Б.Утамбетов) ажыратылған қаржының белгиленген тәртипте мақсетке муўапық жумсалыўын қадағалаў соралсын.

5. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқарыўшысы А.Исмаиловқа жүкленсин.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken'esi baslıg'ı** **F.Ermanov**